

Carver Community Middle School**2020-2021****Rezime Règleman Sou Angajman Paran ak Fanmi (PFEP ann anglè)****Deklarasyon Misyon:**

Carver Middle School rete kwè tout elèv kapab vin genyen talan k ap pèmèt yo genyen siksè kounye a ak nan lavni. Misyon nou se ankouraje patisipasyon paran ak fanmi nan pwosesis edikatif la pou pwodui yon ogmantasyon an jeneral nan reyalizasyon akademik elèv nou yo. Nou reyalize objektif sa a nan kreye yon anviwònman akeyan epi enfòmatif pou paran yo kote yo pral konprann epi admèt enpòtans ede pitit yo lakay yo.

Patisipasyon fanmi/Moun ki enterese:

Pou nou fè pwomosyon antouzyas pou yon kolaborasyon efektif ant paran, estaf ak kominote a, *Carver Middle School* dispoze resevwa opinyon paran ak manm kominote yo nan ankouraje yo vi jwenn nou nan tout aktivite pandan lajounen an ak apre lekòl. Objektif nou se travay ansanm avèk chak paran ak asosye nan kominote a nan pwosesis edikatif la k ap konsantre sou siksè chak elèv.

Moun k ap patisipe genyen ide sou tout pwogram ak aktivite Tit 1 yo (enkli fason yo itilize lajan Tit 1 yo), bay lidèchip lekòl la opinyon/kòmantè/sijesyon, epi patisipe nan pran desizyon. Atravè reyinyon Komite Konsèy Lekòl la (*School Advisory Council (SAC)*), paran yo genyen opòtinite pou revize epi bay opinyon yo nan ekri epi evalye Plan Angajman Paran ak Fanmi (Parent and Family Engagement Plan (PFEP) chak ane. Paran yo genyen opòtinite tou pou bay ide nan ekri Kontra ant Lekòl la ak Paran yo (*School-Parent Compact*).

Carver ap cheche paran pou bay epi diskite sou ide kreyatif pou non sèlman ankouraje yon pi gwo patisipasyon paran, men tou pou sipòte rannman elèv. Paran revize rezilta Sondaj sou Patisipasyon Paran (*Family Involvement Survey*) pou detèmine chanjman ki nesèsè. Atravè diskisyon sa yo, y ap konsidere fon k ap depanse pou patisipasyon paran ak fanmi, sa vle di materyèl yo itilize pou aktivite patisipasyon paran yo, anmenmtan ak materyèl pou fè pwomosyon.

Reyinyon Anyèl Tit 1:

Nan kòmansman chak ane lekòl, nou envite paran yo pou yo vini nan reyinyon anyèl Tit 1 a pou yo jwenn plis enfòmasyon sou Tit 1, egzijans yo, ak pwogram nan tout lekòl. Nan reyinyon sa a, paran yo genyen opòtinite pou poze kesyon, revize dokiman Tit 1 yo epi bay opinyon yo sou sa nou mansyone la a:

- *Kontra ant Lekòl-Paran (School-Parent Compact)*
- Dwa Paran genyen pou yo enfòme
- Bidjè Tit 1
- Plan Tit 1 sou Patisipasyon Paran ak Fanmi (*Title 1 Parent and Family Engagement Plan*)
- Ide siy pwochen aktivite pou patisipasyon paran

Aksè pou tout Fanmi:

Carver Middle School fè aranjman pou tout fanmi epi bay enfòmasyon ak sèvis nan yon anviwònman akeyan epi amikal, nan:

- Chwazi dat ak lè reyinyon baze sou opinyon paran yo
- Tradui dokiman
- Ofri entèprèt an Espayòl, François ak Kreyòl Ayisyen
- Swete byenveni bay tout fanmi (enkli ti frè ak sè) nan reyinyon ak aktivite

- Bay elèv ki enterese ede nan reyinyon ak aktivite, opòtinite pou yo fè sèvis kominotè

Aktivite pou Patisipasyon Paran:

Pandan tout ane a, nou fè sondaj sou paran yo pou kolekte enfòmasyon sou sijè yo enterese konnen plis bagay sou yo, epi nou enfòme paran yo sou aktivite sa yo. Nou planifye aktivite sa yo ak nan objektif pou ede paran nan konprann kourikoulòm ak evalyasyon yo, yon fason pou yo kapab sipòte pitit yo pi byen lakay yo:

- Sware Enfòmasyon sou Evalyasyon: Paran yo jwenn enfòmasyon sou FSA, evalyasyon nan chak nivo klas, ak kourikoulòm
- Sware *STEM*: y ap inisye paran yon nan konsèp aplike nan lavi reyèl, nan matematik ak syans, yon fason pou yo kapab travay avèk pitit yo lakay yo.

Kominikasyon:

Y ap bay paran yo enfòmasyon nan yon langaj ak fòm ki fasil pou konprann. Nou pral kominike avèk paran yo atravè:

- Flayè (Flyers)
- Ajanda Elèv
- Sit Entènèt Lekòl la
- Konferans Paran
- Bilten Lekòl la (*Newsletter*)
- Apèl otomatik nan tout lekòl atravè telefòn oswa Tèks (*School-wide Callouts via Phone or Text*)
- Imèl
- *Student Information System (SIS)*
- Mwayen Sosyal
- Komite Konsèy Lekòl (*School Advisory Council (SAC)*)
- Sondaj sou Patisipasyon Fanmi (*Family Involvement Survey*)
- Afich sou "*School Marquis*"

Sipò pou Fanmi:

Atravè patenarya ki bati ant distri lekòl la ak lòt ajans, yo ofri sèvis pou fanmi ki nan bezwen jwenn aksè ak èd pa mwayen sa yo:

- Pwogram Edikasyon Imigran (*Migrant Education Program*)
- Edikasyon nan Lopital oswa Lakay (*Hospital Homebound*)
- Pwogram pou Gide Timoun (*Child Mentoring Programs*)
- Elèv ak Fanmi sanzabri (*Homeless Students and Families*)
- Sèvis Konsèy pou Dwòg ak Alkòl (*Drug and Alcohol Counseling Services*)
- Ou kapab jwen plis enfòmasyon sou sèvis pou fanmi lè ou kontakte responzab lyezon ak paran lekòl la.

Volontè!!!!

Nou ankouraje paran ak manm kominote a pou vin fè volontè nan lekòl nou an nan yon varyete domèn ki konsantre sou bezwen elèv nou yo ak lekòl la. Egzanp opòtinite pou fè volontè: tradiktè, sant medya, dans aprè lekòl lage, sal resous pou paran.

Se Paran avèk estaf *Carver Community Middle School* ki te devlope Plan pou Angajman Paran ak Fanmi a (*Parent and Family Engagement Plan*)